Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daan na bëgg ñaan yi làmboo lu bari, daan bàyyi yu dul yooyu

Jële nañu ci Aysatu yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daan na bëgg ñaan yi làmboo lu bari, daan bàyyi yu dul yooyu.

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko,ak Ahmat]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa bëggoon ñaan yi làmboo yiwi àdduna ak allaaxira ci ay kàddu yu néew te maanaa mi bari, muy am tagg Yàlla ak jubluwaay yu sell, mu daan bàyyi yu dul yooyu.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5886